

Rezime Politik Èd Finansyè Nan Yon Langaj Klè

Lahey Hospital & Medical Center ak Lahey Medical Center, Peabody (kolektivman, "LHMC"), chak de lopital ki bay swen sante e ki pa la pou fè lajan, te kreye pou reponn ak bezwen rete Massachusetts yo ak moun ki rete nan zòn vwazen yo. Lopital yo angaje yo pou yo bay pasyan yo sèvis medikal kèlkeswa kapasite ekonomik yo. LHMC konnen se pa tout pasyan yo ki kapab peye fakti lopital yo. Rezime nan langaj klè sa bay enfòmasyon bazik yo sou Politik Èd Finansyè yo an.

Politik Èd Finansyè LHMC

Estaf konseye Finansyè nou an pral ede moun yo aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo epi ede yo ranpli demann Èd Finansyè a san fè yo peye. Pwogram Èd Finansyè a ofri sèvis ijans ak lòt sèvis medikal nesèsè gratis pou pasyan ki kalifye pou sa. Ni pasyan ki pa asire ditou, ni pasyan ki gen yon asirans ki pa ka kouvri tout sèvis yo kapab mande yon èd finansyè. Lè yo fin apwouve, pasyan yo ka jwenn asistans ki gen rapò ak nenpot pasyan ki responsab dèt sila:

Swen charite

Nivo Povrete Federal	Kantite lajan pou Asistans
400% oswa mwens	100%

Difikilte Medikal

100% rediksyon pou pasyan ki gen dèt medikal ki siperyè oswa egal a 25% lajan ki antre nan fanmi yo.

Enpòtan: Kontribisyon ki pa nan Rezo a, ko-asirans ak franchiz yo pa elijib pou èd finansyè. Nan okenn ka, Yon pasyan ki elijib pou èd finansyè pap peye plis pase kantite kòb yo mande pasyan ki asire yo.

Kijan Pou Jwenn Kèk Egzanplè Sou Politik Ak Aplikasyon Pwogram Èd Finansyè Nou An.

Ou ka jwenn yon kopi politik ak fòm aplikasyon gratis nou yo nan fason sa yo:

- <https://www.lahey.org/lhmc/your-visit/insurance-billing-records/financial-counseling-assistance/>
- Vizite biwo Konsiltasyon finansyè nou an ki chita nan:
 Lahey Hospital & Medical Center
 Main Lobby
 41 Mall Road
 Burlington, MA 01803
- Mande pou yo voye kopi yo swa pa lapòs oswa elektwonikman lèw rele nan (781) 744-8815 (Ou kapab rele dirèkteman tou nan nimewo sila pou mande èd pou pwosesis aplikasyon an).

Politik Èd Finansyè, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè a Nan Yon Langaj Klè disponib nan divès lang sa yo.

Politik Èd finansyè yo, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansyè nan langaj klè yo disponib nan lang anba yo:

Fransè	Kreyòl Ayisyen	Italyen
Pòtigè	Grèk	Ris
Amenyen	Indi	Giyarati
Panyabi	China senplifye	Chinwa tradisyèl
Espagnòl	Japonè	Koreyen
Kanbodyen	Vyetnamyen	Arab
Anglè		

Pwoteksyon anba Politik Èd Finansyè

Pasyan yo ta dwe aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo pandan peryòd 6 mwa k ap swiv demann èd finansyè yo pou yo kapab elijib pou èd LHMC a. Pasyan yo/ Garan yo kapab mande Yon èd finansyè nan nenpot ki moman, rive jiska De San Karantèm (240) jou aprè premye relve faktirasyon pòs-sòti a disponib

Byen ranpli demann ou an epi voyel bay:
 Inite Konsiltasyon Finansyè nan
 41 Mall Road
 Burlington MA, 01803

Depi demann lan apwouve, èd finansyè yo pral aplike nan:

- Anna Jaques Hospital
- Addison Gilbert Hospital
- BayRidge Hospital
- Beth Israel Deaconess Medical Center
- Beth Israel Deaconess Hospital-Milton
- Beth Israel Deaconess Hospital-Needham
- Beth Israel Deaconess Hospital-Plymouth
- Beverly Hospital
- Lahey Hospital & Medical Center
- Lahey Medical Center, Peabody
- Mount Auburn Hospital
- New England Baptist Hospital
- Winchester Hospital

NB: Gen nan pami medsen yo ki pa kouvri anba politik èd finansyè LHMC yo. Tanpri, vizite sit entènèt nou an oswa kontakte nou nan (781)744-8815 pou plis enfòmasyon.